

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data anu ngawengku instrumen panalungtikan, alur panalungtikan, sarta analisis data.

Métode panalungtikan ngandung harti cara ilmiah pikeun nyangking data kalawan udagan nu tangtu (Sugiyono, 2014, kc. 2). Metodologi dina panalungtikan kabagi jadi tilu, di antarana métode panalungtikan kuantitatif, kualitatif, jeung campuran.

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan pikeun ngahasilkeun pamanggih nu teu bisa kahontal ku cara prosedur statistik atawa cara kuantitatif. Panalungtikan kualitatif bisa medar kahirupan masarakat, sajarah, paripolah, fungsionalisme organisasi, *pergerakan sosial*, jeung nu patali jeung kabudayaan. Sababaraha data bisa diukur ku cata dara sénsus, tapi analisisna angger ku analisis data kualitatif (Sidiq & Choiri, 2019, kc.3).


Saluyu jeung pamadegan Hadi (1998, kc. 13) nu nétélakeun yén panalungtikan kualitatif leuwih nyoko kana kualitas atawa hal penting tina hiji barang atawa jasa. Éta hal penting bisa mangrupa kajadian, fénoména, jeung gejala sosial ti satukangeun kajadian nu bisa dijadikeun pangajaran pikeun ngamekarkeun konsép tiori.

Dumasar kana métode anu dipilih, udagan anu hayang dihontal dina ieu panalungtikan, nyaéta pikeunngadéskripsikeun struktur jeung ajén étnopédagogi tina objék panalungtikan nu mangrupa rumpaka *Tembang Atikan* karya Dian Héndrayana.

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ngalaksanakeun panalungtikan perlu ayana desain panalungtikan sangkan leuwih babari dina panalungtikanana. Desain panalungtikan nyaéta rarancang cara ngumpulkeun jeung nganalisis data sangkan bisa dilaksanakeun sacara éféktif sarta luyu jeung udagan panalungtikan anu rék ditalungtik. Ieu panalungtikan ngaliwatan

sababaraha léngkah, nyaéta (1) nangtukeun masalah. (2) ngumpulkeun data, (3) nangtukeun métode panalungtikan, (4) nalisis data, (5) ngadéskripsikeun jeung interprétasi data, (6) nyieun kacindekan. Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah panalungtikan ébréh dina bagan di handap.



Bagan 3.1 *Desain Panalungtikan*

3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik talaah pustaka jeung wawancara. Nurutkeun (Arikunto, 2013, kc.85) téknik talaah pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah buku sumber nu geus aya patalina jeung konsép téoritis sarta pedaran pasualan panalungtikan.

- 1) Nangtukeun sumber data atawa obyék nu rék dikaji nyaéta rumpaka *Tembang Atikan* karya Dian Héndrayana;
- 2) Nyieun transkripsi tembang tina wangun lagu kana wangun tulisan;
- 3) Nyieun kartu data dumasar judul tembang;
- 4) Nangtukeun tiori-tiori nu ngarojong kana panalungtikan.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik analisis struktur puisi nyaéta téhnik anu udaganana pikeun maluruh jeung nangtukeun struktur puisi nu ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, majas, ritme/rima (purwakanti), téma, nada, rasa, jeung amanat. Salian ti analisis struktur puisi anu dianalisis nyaéta struktur pupuh nu ngawengku guru lagu, guru wilangan, jeung guru gatra. Satuluyna dina ieu panalungtikan ogé ngagunakeun analisis ajén étópédagogi anu nyangkaruk dina rumpaka *Tembang Atikan* karya Dian Héndrayana.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat bantu nu dipilih jeung dipaké ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data sangkan sistematis jeung gampang (Arikunto, 2010, kc. 256). Ari instrumen nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta kartu data. Ieu di handap mangrupa format kartu data:

1) Transkripsi Tembang

Tabel 3.1 *Data Transkripsi Tembang*

No.	Judul Tembang	Nu Nyanggi	Laras	Wangun Rumpaka	Kode Data

2) Kartu Data Ngumpulkeun

Tabel 3.2 *Kartu Data Struktur Puisi*

No	Kode Data (J/L/R/P/Pd/Pdl)	Diksi

No	Kode Data (J/L/R/P/Pd/Pdl)	Imaji

No	Kode Data (J/L/R/P/Pd/Pdl)	Kecap Kongkrit

No	Kode Data (J/L/R/P/Pd/Pdl)	Majas/Gaya basa

No	Kode Data (J/L/R/P/Pd/Pdl)	Purwakanti

No	Kode Data (J/L/R/P/Pd)	Téma

No	Kode Data (J/L/R/P/Pd)	Rasa

No	Kode Data (J/L/R/P/Pd)	Nada

No	Kode Data (J/L/R/P/Pd)	Amanat

Tabel 3.3 *Kartu Data Struktur Pupuh*

No	Kode Data (J/L/R/P)	Aturan Pupuh	Keterangan

Tabel 3.4 *Kartu Data Ajén Étnopédagogi*

No	Kode Data (J/L/R/P)	Ajén Étnopédagogi	Cutatan

Keterangan kode data:

- (1) J : Judul tembang
- (2) L : Laras
- (3) R : Runtuyan
- (4) P : Pupuh
- (5) Pd: Pada
- (6) Pdl: Padalisan

Setiadi Ramdani, 2021

RUMPAKA TEMBANG ATIKAN KARYA DIAN HÉNDRAYANA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPEĐAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3) Kartu Data Ngolah

Tabel 3.5 *Kartu Data Analisis Deskriptif*

Analisis Struktur Puisi
Imaji
Judul: Mijil
<i>Katumbiri melengkung di langit</i> M/P/01/M/01/01
Kecap <i>melengkung</i> dina kalimah <i>katumbiri melengkung di langit</i> nu hartina pangarang hayang némbongkeun yén di langit téh aya katumbiri nu melengkung.

Tabel 3.6 *Kartu Data Analisis Deskriptif*

Analisis Ajén Étnopédagogi
Catur Jatidiri Insan
Judul:
Kode data:
Analisis:

4) Kartu Data Wawancara

Tabel 3.7 *Kartu Data Pedoman Wawancara*

Pedoman Wawancara
<ol style="list-style-type: none"> (1) Naon nu jadi kasang tukang Bapa nyanggi Tembang Atikan? (2) Naon nu waé rarancang nu dilakukeun dina prosés nyanggi Tembang Atikan? (3) Dina prosés penciptaanana, naha leuwih mentingkeun lagu atawa rumpakana? (4) Naon nu jadi kasang tukang naha ngan 11 pupuh anu dipaké dina Tembang Atikan? (5) Naon bédana antara Tembang Atikan jeung pupuh séjén nu dipaké pikeun tungtunan bahan ajar sakola?

Tabel 3. 8 *Kartu Data Informan*

Data Informan
Wasta
Umur
Wanda Rarangan
Pakasaban
Atikan
Padumukan

3.4 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.4.1 Data

Data panalungtikan nyaéta sakabéh rumpaka tembang anu aya dina album *Tembang Atikan*. Judul tembangna diantarana sakumaha ieu di handap.

- 1) *Mijil*
- 2) *Gambuh*
- 3) *Durma*
- 4) *Wirangrong*
- 5) *Maskumambang*
- 6) *Asmarandana*
- 7) *Sinom*
- 8) *Dangdanggula*
- 9) *Kinanti*
- 10) *Pangkur*
- 11) *Pucung*

3.4.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data dina panalungtikan nyaéta subyék timana asalna data. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa référénsi saperti buku, jurnal, atawa naon waé nu aya patalina jeung panalungtikan.

3.4.2.1 Album Tembang Atikan

Sumber data nu utama dina ieu panalungtikan nyaéta album *Tembang Atikan* karya Dian Héndrayana.

Judul album	: Tembang Atikan
Studio rekaman	: Studio AR
Pangarang rumpaka	: Dian Héndrayana
Sanggian panambih	: Dian Héndrayana
Panembang	: Ani Sumawati Taufik Mukariman
Jumlah Tembang	: 11
Laras	: Pélog, Saléndro, jeung
Madenda	



Gambar 3.1 Album *Tembang Atikan*

3.4.2.2 Biografi Singget Pangarang

Dian Héndrayana nyaéta salasihiji sastrawan Sunda nu gumelar di Subang, 25 Fébruari 1971. Dian kungsi nyuprih élmu di Jurusan Bahasa dan Sastra Daérah, Fakultas Sastra UNPAD sarta lulus taun 1997. Dina taun 2011 Dian lulus S2 ti Program Studi Bahasa dan Budaya Sunda SPS UPI. Dumasar kana kasang tukang atikanana nu raket jeung satra ngajadikeun Dian jadi salasihiji sastrawan anu dipandrung lantaran karya-karyana aralus. Salian ti jadi sastrawan Dian kungsi jadi wartawan *Metro Bandung* (ayeuna *Tribun Jabar*, 2000-2003), rédaktur majalah *Manglé* (ti taun 2007), produser jeung présénter TVRI (2004) jeung Bandung TV (2005). Kiwari mancén gawé salaku dosén di Departemén Pendidikan Bahasa Sunda, FPBS, Universitas Pendidikan Indonesia.

Ti keur ngora kénéh Dian aktif di organisasi kasundaan, saperti DAMAS, LBSS, PPSS, Pangauban Kawih Sunda, Pangauban Tembang Sunda, jeung Caraka Sundanologi. Lian ti aktif dina organisasi Dian ogé aktif dina tulas-tulis. Tulisanna nu mangrupa carpon, puisi, atawa ésséy mindeng dimuat dina sawatara média, saperti *Manglé*, *Galura*, *Cupumanik*, *KOMPAS*, *Tribun Jabar*, *Pikiran Rakyat*, jeung *Suara Rakyat*. Karyana nu geus medal di antarana *Lalakon Bingbang* (2001), *Jemplang Bulan Ilang* (2012), *Keur Kuring di Lembur* (2012), *Lagu Ngajadi* (2014), *Béntang Hariring* (2015), *Serat keu Emay* (2016), jeung *Dina Kawih Aya*

Setiadi Ramdani, 2021

RUMPAKA TEMBANG ATIKAN KARYA DIAN HÉNDRAYANA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tembang (2016). Kungsi dilélér Hadiah Sastra Rancagé taun 2015 jeung Hadiah Samsudi ti Yayasan Kebudayaan Rancagé taun 2016.

Ku lantaran Dian aktif dina organisasi kasundaan nu hususna dina widang kasenian boh kawih boh tembang. Dian ogé kawilang aktif dina nulis rumpaka tembang jeung kawih. Sawatara karyana dimuat dina *Album Kawih Asuh Barudak* jeung *Album Tembang Atikan* anu dihususkeun pikeun tungtunan bahan ajar di sakola (Budiwati, 2018).


3.5 Prosedur atawa Alur Panalungtikan

Prosedur atawa alur panalungtikan nyaéta rarancang mangrupa pola, wangun, modél, tujuan jeung maksud panalungtikan nu mangrupa prosés dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif.

Ieu panalungtikan dimimitian ku ngaidéntifikasi masalah ku cara nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah, jeung métode panalungtikan. Sabada meunangkeun sababaraha masalah, tuluy ngumpulkeun data. Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Sanggeus data kakumpul dituluykeun ku nganalisis struktur puisi nu ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, majas, purwakanti, téma, rasa, nada, jeung amanat. Dina ieu panalungtikan ogé maluruh struktur pupuh nu ngawengku guru lagu, guru wilangan, jeung guru gatra.

Salian ti maluruh sacara struktural, panalungtik ogé maluruh ulikan étnopédagogi. Konsép étnopédagogi kabagi jadi tilu, nyaéta: (1) Catur Jatidiri Insan, (2) Gapura Panca Waluya, jeung (3) Paripolah Nyunda Trisilas.

Sabada meunangkeun hasil panalungtikan jeung pedaran nu ngawengku struktural jeung étnopédagogi, tuluy panalungtik nyieun kacindekan nu diluyukeun kana rumusan masalah, udagan, jeung judul dina ieu panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré ieu digambarkeun dina bagan 3.2.



Bagan 3. 2 *Prosedur atawa Alur Panalungtikan*